ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№84 (22.742) • 2014 гъэм накъыгъэм (майм) и 6, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Мер Ю. Хъ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащъхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и II нагъыщэр етыным и Іуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэралым и конституцэ ухуэкІэр хъумэныжьрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъэр зэтегъэуэвэнымрэ хузунэтІа лэжьыгъэм фІыщІэ зэрыщІэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащъхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и II нагъыщэр етыным **Мер Юрий Хьалид и къуэм** – Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ.Ым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 29-м
№98-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлажьэнымрэ лъэпкъ Іуэхугъэкі э и управленэм и унафэщІм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлажьэнымрэ лъэпкъ Іуэхугъэкі э и управленэм и унафэщІу ГъэувыН **Шыбзыхьуэ Залым Мухьэдин и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м
№100-УГ

Зелинская Е. П. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащъхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и III нагъыщэр етыным и Іуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Узынщагъэр хъумэныжьмкІэ Іэнатіэм зегъэужьныжьмкІэ фІыщІэ ин зэриІэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащъхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и III нагъыщэр етын **Зелинская Еленэ Петр и пхъум** - «Къалэм и сабий поликлиникэ №21» узынщагъэр хъумэныжьмкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и клиникэ-диагностикэ къудамэ №3-м и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшыкъ къалэ
2014 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м
№102-УГ

Устэ В. Хъ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащъхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и III нагъыщэр етыным и Іуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэным езым и щхьэкІэ куэд зэрыхищІыхьам къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащъхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и III нагъыщэр етын **Устэ Валерий Хъанбий и къуэм** - Урысей Федерацэм Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм накъыгъэм и 5-м
№104-УГ

● Налшык къалэ

Лъэпкъ фащэм, хабзэмрэ бзыпхъэмрэ къотІасэ

- Налшык къалэкум и пасэрей теплъэр ди тхыдэм и щІэин уасэншэщ, ди блэкІам и фэеплъ нэхущ, кьызэдэкІа ильэсхэмрэ нобэрей зэманымрэ зэпызыщІэ лъэмыж быдэщ. Псом хуэмыдэу, Къэбэрдеймэ и цІэр зезыхьэ уэрамыр ди цІыхухэм яфІэльапІэщ. Сыту жыпІэмэ, ар дапщэщи яфІэщІэщыгъэщ, абы и дэтхэнэ Іыхьэми пщІэ лей зэрыхуащІыр я напщІэм тель зэпытщ. ИкІи и пасэрей теплъэр къэдгъэщІэжьу, тынышпІэ псоми хуэщІа зыгъэпсэхупІэм щыхуэдгъэпсынум цІыхухэр поплъэ, куэд щІауи щІохьуэпс, - кьыхиГъэщащ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** республикэм и щыхьэрым и Къалэухуэ советым и зэІущІэ зыыгбгъуэр къыщыхьэІуихьм. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщ1ым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **КІуэкІуэ Юрий**.

Лъэныкъуэ псори къалъытуэ, зэпэшэчауэ зэхыхьэм щыхэпльащ Къэбэрдеймэ и цІэр зезыхьэ уэрамыр зэгъэпэщыжьым, къэгъэщІэрэщІэжьым, егъэфІэкІуэным тёщыхьэ проектым. Республикэм и щыхьэрым и архитектор нэхъыщхьэ, Къалэуухуэ советым и унафэщІ **Кхъуэ1уфэ Иринэ**, макет щыкІэу гъэнэхуа сурэтхэмкІэ игъэнаІуэрэ, КІыщокъуэмрэ Нэгумэмрэ я цІэкІэ щыІэ уэрамхэм я зэхуакум щрагъэкІыжьу лэжьыгъэхэм зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ. Проектым зэрыщыубзыхуам хуэдэу, Къэбэрдей уэрамым щыщ а Іыхьэм и пасэрей теплъэр яхъумэнущ, зыгъэпсэхупІэ щыІэпІэ зэгъэсынущ.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихац.*

Гугъапіэхэр къыдэзыт махуэшхуэ

Гъатхэмрэ Лжьыгъэмрэ я махуэшхуэр къэрали 140-м щагъэлъэпІащ. Профсоюзхэм я дунейпсо конфедерацэм и къыхуеджэныгъэкІэ зэхаубла Зэкъуэтыныгъэм, мамырыгъэм, зэкъыдэгъуныгъэм, зэІуэтэщыгъэм, зыужьныныгъэм хуэзыущІ Іуэхугъуэхэр ди щІыпІэми щекІуэкІащ.

КъэБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и къалэхэмрэ куейхэмрэ щагъэлъэпІа Гъатхэмрэ Лжьыгъэмрэ я махуэшхуэм щІыхь мин 20-м нэблагъэ къырихьэлІащ. Мы гъэм гуфІэгъуэм хэтыну, Налшык и уэрам нэхъыщхьэм ирикІуэну гукъыдэж зыщІахэр мини 7-м щитгъурт.

Къэбэрдейр и фІэфІныгъэкІэ Урысейм зэрыхьухэрэ илъэс 400 щрикъум и щІэкІэ щыІэ утым дже пщэджьыжьым щызэхуэсат махуэ щІэращІэм и зэхуэблакІуэхэр, интеллигенцэр, къэралІуэхущІапІэхэм, парт, жьлагъуэ зэгухэмпІэхэм я пІалъэхэр, я ветеранхэр, я псоми я гукъыдэжьыр къэзыІэт щІалэгъуалэр. Сыхьэти 10-м махуэшхуэ Іуэхугъуэхэм щІадзащ. ГуфІэгъуэм кърихьэлІа псоми я гурыгъу-гурыщІэр къызэрыщІ, къэкІуэнуэм фІыкІэ зэрыщыгугъыр къызытещ плакатхэр яБыгъ, лъэпкъ фащэхэмкІэ хуэпа, макъамэ дахэр зыгъэІу гъуэзджэм и лІыкІуэхэм, кьафэхэр зэхэзыубла студентхэм гукъыдэжьыр нэхъри къаІэтырт.

Зэманым жьы дэмыхьу маршхэм я макъамэм щІэту КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар**, депутатхэр, **Амщокъуэ Фатімэт** зи унафэщІ республикэм и профсоюзхэм, политпартхэм, жьлагъуэ зэгухэныгъэхэм, ешдзанІэ нэхъыщхьэхэм я лІыкІуэхэр я пашэу махуэшхуэм хэтхэр Лениным и проспектым ирикІуащ.

ЗэгурыІуэныгъэм и утым дже гуфІэгъуэм хэтхэм гъуэс кІащхьуэхуэщ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **КІуэкІуэ Юрий**, министрхэр, къулыкъущІэхэр.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Экономикэр егъэфІэкІуэныжьмкІэ хэкІыпІэхэм топсэлъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий иджыблагъэ яхуэзащ республикэм и хьэрычатыщІэхэм, КъБР-м и Промышленникэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я союзым, банк Іэнатіэхэм я унафэщІхэм, мэкъумэш хозяйствэм, розницэ сатум я ЛыкІуэхэм икІи республикэм и экономикэр къэгъэщІэращІэжьныжьмкІэ хэкІыпІэхэм ятеухуауэ абыхэм я пащхьэм къыщыпсэльащ.

ЗэІущІэм къыщаІэтащ инвестицэ проект инхэр гъэзэщІэным, хьэрычэт лэжьыгъэр зыгъэкІуэтэн щытыкІэ республикэм щызэтегъэувэным, банкхэм ят щІыхуэхэм я уасэр гъэмэщІэным, ухуакІуэ Іэщ1агъэ зиІэ рабочэхэр гъэхьэзырыным пыщІа Іуэхуэхэр.

КІуэкІуэ Юрий кьигъэльэгъуащ бизнесымрэ властымрэ зэпымыууэ зэпыщІауэ зэрыщытыпхэр, хабзэм къезэгъыу лажьэ хьэрычэт Іэнатіэхэм зыхуэфащэ Іэмалхэр кьахуэзгъэнэщым, дэтхэнэ хьэрычэтыщІэми захуагъэ хэлъу бгъэдыхьэн зэрыкуэйр. КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм диІыгъащхьэрычэт Іэнатіэм къыщыхъу зэгурыІуэныгъэхэр зэхэлъэгъэкІынымкІэ комиссэхэр властым и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я деж къыщыхэзгъэпэщыным теухуауэ зэІущІэм къыщыхалъхьажэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ди зэхуэдэ къалэн нэхъыщхьэр экономикэр къэгъэщІэрэщІэжьныжьрщ, псом япэу промышленностым зегъэужьныжьрщ

КІуэкІуэ Юрий хьэрычэт Іэнатіэм щылажьэхэм щахуэзам къыпсэлъар

Зи лэжьэгъуэ щІыхуэхэр республикэм икІыпуэ Урысей Федерацэм и адрей субъектхэм щІэІэпхъуэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщІ лэжьапІэ Іэнатіэхэр зэрахуримыкъумрэ лэжьапщІэр зэрымыщІэмрэ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и мызакъуэу, зэрыщыту къэралым зэпымыууэ зиужьныжьмкІэ Іуэхугъэ нэхъыщхьэр бизнесым, зэрыщыту уней мылъкум, экономикэр зехьэныжьмкІэ, хьэрычэт лэжьыгъэ егъэкІуэныжьмкІэ щхьэхуитныгъэм щІыхуэм дэхьэ хуащІу щытыныр. Нобэ мыбы къриІэпІащ республикэм и экономикэм и зэфІэкІыр къызэрэпэщыныжьмкІэ зэфІэкІышхуэ къэзыгъэпэгъуэ бизнес Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр. Апхуэдэу щыщІткІэ, дэ псоми жэуап дохь экономикэм и зэфІэкІыр здынэсымкІэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, КъБР-м и экономикэм и щытыкІэм къегъэпъагъуэ дэ кьыптэщыт къалэнхэр гъэзэщІэным эгъэсауэ дызэремылэжьыр, гу лъыдмытэу куэд къызэрыпэр. Фегупысыт мыпхуэдэ бжыгъэхэм: 2013 гъэм ди деж промышленностым и лэжьыгъэр процент 90,2-м нэсу щехуэхащ. Ар Урысей Федерацэм и субъект псоми елъытауэ нэхъ къыкІэрыхуныгъэ инщ. «Капитал нэхъыщхьэм халъхьэ инвестицэхэр» ІуэхумкІэ республикэм ис дэтхэнэ зы цІыхуми тещІыхьауэ Урысейм и субъектэм нэхъ къакІэрыху дыдэхэми дащыщІ (82-нэ увыпІэ). Апхуэдэ дыдэщ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэныжьмкІэ Іуэхури (82-нэ увыпІэ).

Абы кьыхэкІыу республикэ бюджетыр гъэзэщІэным гугъуехь инхэр пыщІащ. ГъэкІуэм республикэм и бюджетым и хэхуэхэр яГъэувам елъытауэ процент 83-рэ, хэщІхэр процент 85-рэ хъуауэ аращ. Абы и щыІужькІэ, республикэм ис дэтхэнэ зы цІыхуми тещІыхьа бюджет хэхуэр Урысей Федерацэм щынэхъ мащІэ дыдэщ (КъБР-м - сом мин 31-рэ, УФ-м ику ИТ - сом мин 57,2-рэ). Абы къегъэльагъуэ зыхуэдгъэувыжьа къалэнхэр дгъэзэщІэн папщІэ ахъшэр икъуэкІэ къызэрыдэмэщІэкІыр.

Социальнэ Іэнатіэм щыІэ щытыкІэри нэхъыфІкІым. Иджыпсту псори зэхэту республикэм лэжьапІэншэу цІыху мин 40 иу кьалытэ. Ар лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм я процентри 10,5-рэ мэхъу, ику ИТ кьалытэ. Ар лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм я процентри 10,5-рэ мэхъу, ику ИТ кьалытэ. Ар лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм я процентри 5,5-рэ). ЛэжьакІуэ кьаруэр зэрытегушІар къызэралытам тепщІыхьмэ, лэжьэгъуэ ныбжьым иту цІыхуу экономикэм и Іэнатіэм щымылажьэхэр мин 200-м щІегъу е лэжьакІуэу республикэм ис я процент 39-рэ мэхъу. Зи лэжьэгъуэ цІыхуэр республикэм икІыпуэ Урысей Федерацэм и адрей субъектэм щІэІэпхъуэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщІ лэжьапІэ Іэнатіэхэр зэрахуримыкъумрэ лэжьапщІэр зэрымащІэмрэ. 2005 - 2013 гъэхэм кьриубыдэу республикэм цІыхуу къыхэхъуам нэхърэ иІэпхъукІар мин 45-м щІапхъэхьауэ щыта хьэкІэ-къуэкІагъэр.

Украинэм и МВД-м къызэритамкІэ, а махуэм кьалэм цІыху 46-рэ щыхэкІуэдащ. Абыхэм ящыщу 40-р унэм щІисхьащ. ЦІыхуищэм щІигъум фэбжь зэхуэмыдэхэр яГъуэтащ.

Президент къулыкъым щІэбэнынуэм яхохьэ

Мэкъуауэгъуэм и 3-м екІуэкІыну президент хэхыныгъэхэм зи кандидатурэр къыщызыгъэлъэгъуащэм япеуэну зэримыредыр жиІащ Сирием и унафэщІ Асад Башар. Хабзэм экъ иткІэ, абы тезууа тхьылъи Конституцэ суд нэхъыщхьэм щІилъхьащ.

Кандидатхэм я бжыгъэр блы мэхъу. Иджы абыхэм ящыщ дэтхэнэри хущІэкъунущ Іэмалу иІэр а къулыкъур зыхуэдэпхъэныным къыхуигъэсэбэпыну. Дауи, Іэмал нэхъыбэ зиІэр Асадщ.

«ЦІыхуэхэр хэхапІэ участкэхэм и чэзум къекІуалІэу Іэ яІэтын, абыкІи къэралым и къэкІуэнуэр зыхуэдэнур яубзыхуэн хуейщ мэкъуауэгъуэм и 3-м, - жиІащ Башар Асад цІыхубэм зацыхуигъаззм. - Сириием и иджыпстэ тхыдэм апхуэдэ хэхыныгъэхэр щыяпэщ икІи абы и мыхьэнэр зэрыиныр къэлъытауэ, Іуэхум зэхэщІыкІ тхэлъу дыбгъэдыхьэнущ».



Хатынь уигу къэзыгъэкІыж гуауэ

Дуней псор кІэлъоплъ Украинэм щекІуэкІэхэм. Абы къратыкІ хьыбархэм зэрыщыгуфІыкІын зыри яхэтхъым. Накъыгъэм и 2-м Одессэ къалэм къыщыхъуар гузэвэгъуэ дыдэщ.

Зэныкьуэкьу Іэныкьуэхэм къалэм и Куликовэ губгъуэм и деж зыщызэрапщытри, щхьэж кьыІэрыхьэмкІэ зэзэуащ. Абдежым къыщагъэкІуэта Цыхухэр зэрыгъэгужьейри Профсоюзхэм я унэм щІэльэдащ, абы зыщагъэбыдэн мурад яІэу. ИужькІэ ялэжьар гущІэгъуншагъэ инщ. ЩІэкІыпІэ-щыхьэпІэхэр ягъэбыдэри, унэм марІэ щІадзащ. Абы уигу къегъэкІыж фашистхэм Белоруссиемрэ Хатынь къуажэм 1943 гъэм щалэжьауэ щыта хьэкІэ-къуэкІагъэр.

♦1939 гъэм Налшык щыгъэжапІэ къыщыхэІуахащ.
♦Адыгэ тхыдэдж, узэщІакІуэ **Долят-Джэрий Сулътіан** къыхэралъхуэр илъэси 139-рэ ирокъу.
♦Адыгэ философ, еджагъэшхуэ, тхакІуэ, социологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Хьэгъур Айтэн** 1936 гъэм къалъхуащ.
♦Абазэ тхакІуэ, КъШР-м и цІыхубэ усакІуэ **Мхъыцэ Чэрим** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Уэрэн Татьянэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Пощт зэрыщІэныгъэхэмкІэ федеральнэ Іуэхущ1апІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм (УФПС) и унафэщІ, УФ-м связымкІэ и мастер **Шурдым Іэсият** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІэтмкІэ, Налшык щыІэр техъэ-текІэу щыщытынущ, уэрэс къыщешхьынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градус 14 - 16 щыхьунущ.

Зыгъэгъэзэрыр **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іуэхугъэ:

Іэмалрэ хьилэрэ акъылщ.

«Псей щхъуантІэхэр» санаторэм къыщызэІуах

● Спорт

Жьыуэ хуэзщІэтэджат ди цІыхуэхэр а махуэм - накъыгъэм и 1-м. Инми цІыкІуми я гукъыдэжьыр кьиІэту уэрІ дахэт, зыкъыпыхьт. ЩІызэхьыхьэм и мыхьэнэр фІыуэ кьагурыІуэу ди цІыхуэхэми зыкъэрахырт. Гъэ кьэси хуэдэу, ар къытхуэкІуащ гъатхэм и щІэрэщІэгъуэ дахэм. Накъыгъэм и 1-р дэ кьыддокІуэкІ пщІэ хуэтщІу, насыпрэ фІыгъэкІэ дащыщгугъыу, ди щІэблэм я пщэдеймэ нэхъыфІхэр хуэзэпытщэу. Абы и нэщэнэ щЫкІэу, нэри пэри ихьэхуу, а махуэ щІэращІэр щІэщыгъэт, пІэ зыІуту дуней тет псори къыдэушауэ къыпфІэщІырт.

Мис апхуэдэ гукъыдэжьрэ дэжьэгъуэрэ яІэу Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэр ди цІыхуэхэм ягъэлъэпІащ, мамырыгъэм, зэкъуэтыныгъэм, зэрыльытэныгъэм я ныхьэнэр фІыуэ кьагурыІуэу, а псом фІы къыхэрагъэщІыр, гъащІэр зэрагъэдэхэр, псэр зэрагъэтынщыр зыхащІэу, хъуэхъуэр зэІэпахыу я нэгу зрагъэжьащ.

А махуэм хуагъэхьэзыра Іуэхугъуэ гукъинэжьхэм ящыщт Налшык и Долинск хьэблэм щыІэ «Псей щхъуантІэхэр» санаторэм зи Іэпкльапхъэр къыдэмыбзхэм щхьэмащІэм щызэхуэхьуэну Урысей зэхьэзэхуэхэр. Иджы етІуанэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм щыщыхьэхьэ апхуэдэ чемпионатхэм щызэпеуэну гроссмейстерхэр трагъэгушхуэну абы и пщІантІэ хуитым щІыхущхуэ щызэхуэсат. ХьэпІэкъэ зыдыдищІ нэхъей, дыгъэри псэгъэтІыншу и бзий нурыбзмкІэ щІылъэм гуапэу кьетэрт.

Зытраухуа пІалъэм, щэджагъуэм, санаторэм и зэхуэсыпІэ пэшыщхэм гуфІэгъуэ щытыкІэм иту чемпионатхэр къыщызэІуахащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий, Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщІхэу Чеченов Ануаррэ Храмов Константинрэ, кьулыкъущІэхэр, къалэдэсхэр, къуажэдэсхэр, мы спорт лІэужьыгъуэхэм дихьэхухэр, еджакІуэхэр.

КІуэкІуэ Юрий къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ.

- Фызэрыщыгъуазэщи, къэралым и спорт гъащІэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ зэхьэзэхуэхэр щІэх-щІэхыурэ ди деж щрагъэкІуэкІ. Шахматымрэ шашкэмкІэ нобэ кьызэІутх Урысей чемпионатхэр абыхэм ящыщщ. ЩЫмахуэ Олимп Джэгуэр щызэхэта илъэсым ахэр зэрыхуэзар нэщэнэфІу, абы зэпеуэр зэщІигъэпльэну кьызолытэт. Фи джэгуКІэм дыдихьэхьуу дыкІэлъэпльапхъэнущ, фи ехьуАІэныгъэхэм дыщыгуфІыкІынущи, фи текІуэныгъэхэм дыпоплъэ. Республикэм и Парламентым, Правительствэм я щІэкІэ, сэ кьызбгъэдэкІыу чемпионатхэм хэт псоми сынывохуэхьэху, узынщагъэ быдэ фиІэу мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэ куэдым зэфІэкІ къыщыбгъэльэгъуэну си гуапэщ. Фи къакІуэр тфІэфІщ, гушхуэныгъэ ф1ыуэ дяпэкІи фыкъытхуеблагъэмэ, хьэщІагъэр тынышпІэрэ яГъуэтынщ. Аращи, тегушхуауэ фызэпеуэ, мурадыфІхэр фиІэщ, фи хъуэпсапІэхэр куэдщи, а псори кьыввохуэлэну, екъулэныгъэ нэрылъагъуэр зыІэрыыгъэхьэну сынывохуэхьэну, кьыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий икІи кьызэгъэпэщакІуэхэм фІыщІэ яхуиІащ.

Урысей Федерацэм и щІыналъэ 30-м щыщ спортсмен 80-м щІигъу зэпеуэхэм къэкІуащ. Ахэр кьикІащ Мэскуу, Санкт-Петербург къалэхэм, Свердловск, Пензэ, Саратов, Ленинград, Мэзкуу, Волгоград областхэм, Алтай, Пермь, Камчаткэ краехэм, Тэтэрстан, Башкортостан, Дагъыстэн республикэхэм, нэгъэущІ щыпІэхэми.

Зи Іэпкльапкъыр кьыдэмыбзхэм шахматымкІэ я командэ кьыхэхам и тренер нэхъыжь Герасимовэ Светланэ, УФ-м СпортымкІэ и министерствэмрэ Ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо федерацэмрэ кьабгъэдэкІыу, зэхьэзэхуэхэм хэтхэм ирах хьэщІагъэм, яГъуэт гулъытэм папщІэ, республикэм и унафэщІхэм фІыщІэ кьахуиІащ.

- Дыщыджэгу пэшым и мызакъуэу, а гуапагъэр Налшык къалэм и уэрамхэми щызыхьыдощІэ, - кьиГъэльэгъуащ абы.

Чемпионатхэм я судья нэхъыщхьэ Циприс Павели кьыхигъэщащ зэхьэзэхуэр фІы дыдэу кьызэрызэрагъэпэщар, зи Іэпкльапхъэр кьыдэмыбз спортсменхэм тынышпІэ псори зэрагъэтыр, я зэфІэкІыр нэгъэсауэ я кьагъэсэбэпын, текІуэныгъэм хущІэкъун щхьэкІэ, хэгъэрейхэм кьэжьыпхъэ кьызэрамыгъэнар.

Зэхуэсахэр концерт купщІафІэ ирагъэпльащ, зэпеуэхэм хэтхэмрэ хьэщІэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дамыгъэ зытет футболкэхэр хуагуэшащ.

Ягъ кІуэгъуэр зыхуагъэфэща КІуэкІуэ Юрий шахмат пхъэбгъуэм кІэныр щигъэкІуэта нэужь, командэхэм джэгур яублащ.

Зэхьэзэхуэхэм якъарикІуахэр накъыгъэм и 10-м зэхалъхьэжьнущ икІи абыхэм зыкъ иткІэ, Европэ, дунейпсо чемпионатхэм яГъэкІуэнуэхэр къыхахынущ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Лъэпкъ фащэм, хабзэмрэ бзыпхъэмрэ къотІасэ

(КІэухыр. Пэщідзэр 1-нэ нап.).

ЛІэщІыгъуэ кІуам и 30 гъэхэм Наллышк и уэрам нэхъыщхьэу щытар Къэбэрдейм и цІэр зезыхьэрщ. Щэнхабзэмрэ зыгъэпсэхупІэмкІэ паркым (кьалэ паркым) укъызэрикІыу, зи Іуфитым псей жыг дахащхэр зэгъэкІэкІа лъагъуэм Пионерхэм я унэмрэ Драмэ театр зэщІэкъуамрэ ухуашэрт. Адэкіэ уэзыщхьэзэ зыгъэпсэхупІэ унэмрэ и сэмэгурабгъумкІэ къыщыт потребкооперацэм и унэм, профсоюз, нэгъуэщІ Іуэхущіапіэ зэмыліэужьыгъуэхэр щІэст, ялэ къатым кьалэм и универмаг закъуэр хэтт. Зи унащхьэм къэфакІуэхэм я скульптурэ зытет «Победа» кинотеатрым нэр игъэгуфІэрт. Ар щаухуат бззэр щІыкІыр здэщыта щІыпІэм деж. Абы къыбгъэдэкІ уэрамым зэрреджэу щытар Мало-Базарнэт (иджы Грибоедовым и цІэр зэрехьэ). А уэрамым и щІэздзапІэм тет унэ щІыкІым хэтт спорт хьэпшыпхэр щащэ «Динамо» тыкуэныр. Къэбэрдей, Пощт уэрамхэм я планэпэм деж шхапІэт. ИжьырабгъумкІэ, сабий зыгъэпсэхупІэм и кІуапэр иубыду, сурэт техыпІэ екІу щылажьэрт. Ещанэ электрон сыхьэтыр здэщытари абрежщ.

- Фыэзэрыщыгъаэзщи, 1921 гъэ лъандэрэ Къэбэрдейм и цІэр зезыхьэ мы уэрамым тхьдэ къулей иІэщ. Республикэм щекІуэкІа, къыщыхъуа Іуэхугъэ нэхъыщхьэхэм я нэхъыбэр абы епхащ. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ 1918 гъэм Совет властыр щагъэувар а уэрамырщ. Къэбэрдей полкыр ящэ дунейпсо зауэм, 115-нэ щу дивизэр фронтым кІуэну щежьар зращ. Апхуэдэу а уэрамыр поджэж щыхуэхуэзэу Грибоедовым, Нэгумэм, Хетагуровым, Вовчок, Шаляпиным, Алехиным, Кировым, Орджоникидзе, Арманд, Калининым, Микоян, Куйбышевым, нэгъуэщІхэмри я цІэхэм. 60 гъэхэм я пэщІэдзэ ижьырабгъу лъэныкъуэм кьалэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и хэщІапІэ мыиныр щыпІыагъуэрт, абы къыбгъурытт мафІэсгъэункІыфІ машинитІ эыдэт пщІантІэр.Ебгъэзыжьхэр, сэмэгурабгъумкІэ къыщыт потребкооперацэм и унэм, профсоюз, нэгъуэщІ Іуэхущіапіэ зэмыліэужьыгъуэхэр щІэст, ялэ къатым кьалэм и универмаг закъуэр хэтт. Зи унащхьэм къэфакІуэхэм я скульптурэ зытет «Победа» кинотеатрым нэр игъэгуфІэрт. Ар щаухуат бззэр щІыкІыр здэщыта щІыпІэм деж. Абы къыбгъэдэкІ уэрамым зэрреджэу щытар Мало-Базарнэт (иджы Грибоедовым и цІэр зэрехьэ). А уэрамым и щІэздзапІэм тет унэ щІыкІым хэтт спорт хьэпшыпхэр щащэ «Динамо» тыкуэныр. Къэбэрдей, Пощт уэрамхэм я планэпэм деж шхапІэт. ИжьырабгъумкІэ, сабий зыгъэпсэхупІэм и кІуапэр иубыду, сурэт техыпІэ екІу щылажьэрт. Ещанэ электрон сыхьэтыр здэщытари абрежщ.

- Фыэзэрыщыгъаэзщи, 1921 гъэ лъандэрэ Къэбэрдейм и цІэр зезыхьэ мы уэрамым тхьдэ къулей иІэщ. Республикэм щекІуэкІа, къыщыхъуа Іуэхугъэ нэхъыщхьэхэм я нэхъыбэр абы епхащ. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ 1918 гъэм Совет властыр щагъэувар а уэрамырщ. Къэбэрдей полкыр ящэ дунейпсо зауэм, 115-нэ щу дивизэр фронтым кІуэну щежьар зращ. Апхуэдэу а уэрамыр поджэж щыхуэхуэзэу Грибоедовым, Нэгумэм, Хетагуровым, Вовчок, Шаляпиным, Алехиным, Кировым, Орджоникидзе, Арманд, Калининым, Микоян, Куйбышевым, нэгъуэщІхэмри я цІэхэм. 60 гъэхэм я пэщІэдзэ

Кіуэкіуэ Юрий щІэупщІащ лъэс зекІуапІэхэр, автотранспорт гъэувыпІэхэр зыхуэдэнчи, инженер сетхэр зэрахъуэжыну щыкІэм, ремонт лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІынум, балконхэм, унащхьэхэм, псэуалъэхэм ящыщ Іыхьэхэм, Іупльапіэхэм хуамурадхэм. Кьалэм и архитектор нэхъыщхьэм къиГэльэгъуащ а псори проектым кьызэрыщалытар, инженер-коммуникацэ сетхэр зэрыщыту зэрахъуэжынур, ижь хъуа псэупІэхэм унагъуэ 57-рэ кьызэрыщІагъэкІынур, а Іуэхугъуэхэм хуэзэну ахъшэр кьызэрабгаж. Кьыщокъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамым щегъэжьагъуэ Нэгумэм и цІыкІэ щыІэм нэсхьу мывэ джафэкІэ кьращыкІынущ, уэздыгъэхэр лъагэу щыфІадзэнущ, архитектурэм и Іэмал зэхуэмыдэхэр кьагъэсэбэпынущ, удз гъэгъахэмкІэ зрагъэхэнщ.

Проектыр кьаэзрыщыхъуэм теухауэ я Іуэху еплъыкІэхэр кьАуэтащ УФ-м и Архитектурхэм я зэгухэпІагъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр организацэм и унафэщІ, республикэм щІыхь зиІэ и архитектор Логоватовский Юрий, КъБР-м щІыхь зиІэ и архитектор Асанов Владислав, нэгъуэщІхэми.

ЕтІуанэ Іуэхугъуэр - республикэм и щІыхьэрыи и уэрамхэр, унэхэр, псэуалъэхэмрэ уэхуэныгъэхэмрэ зэрагъэнэхуну щІыкІэр зэпкърихьу зэІущІэм кьыщыпсэлъащ Наллышк и Іуэхугъэ щІыпІэ администрацэм и унафэщІым и КІуэдзэ Тонконог Анатолий. Ар зэпкърыхуэу кьытеувыІащ абы и Іуэныкъуэкіэ щыІэ зэкІыпІэхэмрэ иджырей технологиехэм кьарит Іэмалхэмрэ.

Кіуэкіуэ Юрий кьыхихгъэщащ зэманым декІуу, удихьэху, лъэпкъ хабзэмрэ бзыпхъэмрэ зэпкъритмэ, нэщанэ нэхъыфІрэ кьебзэкІыу, фэрыщІагъ хэмылІу а Іэмкьи гъэрагъэкІуэкІын зэрыхуейр икІи Кьалэуэхуэ советым и зэІущІэ зыубгъуам зэрырагъэблэгъаш, проект купщІафІэ зэрагъэхьэзэрам папщІэ, кьызэгъэпэщакІуэхэм ФІыщІэ яхуищІащ, ямыгъэгъуэу Іуэхум зэрыщІэздзапхъэри ягу кьигъэкІыжащ.

ХЬЭЖЬІКЪАРЭ Алик.

Гугъапіэхэр къыдэзыт махуэшхуэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Абхъазым и уэрам щыз зэхьыхьэжри «Хуэфащэ лэжьыгъэ - хуэфащэ лэжьапщІэ!» кьыхуеджэныгъэм щІэту гуфІэгъуэ пэкІум щІидзащ.

- Республикэм и Парламентымрэ Правительствмрэ кьабгъэдэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм Гъатхэмрэ Лъэкъитъэмрэ я махуэшхуэмкІэ гукІи псэкІи сыныбохъуэхъу, - захуиГэзащ махуэшхуэ пэкІум кърихьэлІаэхэм КІуэкІуэ Юрий. - ИтІьсипІ куэд хьуауэ дгъэлъапІэ махуэшхуэр лэжьакІуэбэр зэкъуэзыгъэувэщ, социальнэ и лъэныкъуэкІэ абыхэм я мурадхэмрэ хьэупсапІэхэмрэ кьэзыгъэтыгъуэщ. Абы сыт щыгъуэ етпхащ икІи идопх гъащІэм и къэщІэрэщІэжьныгъэмрэ и ефІэкІуэныгъэмрэ. Мис ноби мы утым щызэхуэсащ социальнэ гуп, щІэбдз зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэр. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм я сэбэп зыхэлъхэр зыуэ зэрыщытыр къэзыльэтыгъуэ нэщэнэхэм ящыщщ.

Ди гупсысэ, Іуэхущіафэ псори зыхуэунэтІар мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ зиІэ зы мурадырщ - цІыхухэм я псэуклІэр щІэнырщ. Дэ хэкъуэзауэ дыщІэбэныщу ди республикэм лэжьэфыну щыпсэу дэтхэнэри лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщыну щыпсэу дэтхэнэри лэжьыгъэкІэ абыхэм я ефІэкІуэныгъэмрэ, ижьырабгъу лъэныкъуэм кьалэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и хэщІапІэ мыиныр щыпІыагъуэрт, абы кьыбгъурытт мафІэсгъэункІыфІ машинитІ эыдэт пщІантІэр.Ебгъэзыжьхэр, сэмэгурабгъумкІэ къыщыт потребкооперацэм и унэм, профсоюз, нэгъуэщІ Іуэхущіапіэ зэмыліэужьыгъуэхэр щІэст, ялэ къатым кьалэм и универмаг закъуэр хэтт. Зи унащхьэм къэфакІуэхэм я скульптурэ зытет «Победа» кинотеатрым нэр игъэгуфІэрт. Ар щаухуат бззэр щІыкІыр здэщыта щІыпІэм деж. Абы къыбгъэдэкІ уэрамым зэрреджэу щытар Мало-Базарнэт (иджы Грибоедовым и цІэр зэрехьэ). А уэрамым и щІэздзапІэм тет унэ щІыкІым хэтт спорт хьэпшыпхэр щащэ «Динамо» тыкуэныр. Къэбэрдей, Пощт уэрамхэм я планэпэм деж шхапІэт. ИжьырабгъумкІэ, сабий зыгъэпсэхупІэм и кІуапэр иубыду, сурэт техыпІэ екІу щылажьэрт. Ещанэ электрон сыхьэтыр здэщытари абрежщ.

- Фыэзэрыщыгъаэзщи, 1921 гъэ лъандэрэ Къэбэрдейм и цІэр зезыхьэ мы уэрамым тхьдэ къулей иІэщ. Республикэм щекІуэкІа, къыщыхъуа Іуэхугъэ нэхъыщхьэхэм я нэхъыбэр абы епхащ. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ 1918 гъэм Совет властыр щагъэувар а уэрамырщ. Къэбэрдей полкыр ящэ дунейпсо зауэм, 115-нэ щу дивизэр фронтым кІуэну щежьар зращ. Апхуэдэу а уэрамыр поджэж щыхуэхуэзэу Грибоедовым, Нэгумэм, Хетагуровым, Вовчок, Шаляпиным, Алехиным, Кировым, Орджоникидзе, Арманд, Калининым, Микоян, Куйбышевым, нэгъуэщІхэмри я цІэхэм. 60 гъэхэм я пэщІэдзэ

Ди политикэм и купщІэ нэхъыщхьэу кьонэж кьэралым щыхур жьджэру диІыгъыныр, улахуэзэр зэпымыуэ кьэтІэтыныр. Абы къыдэкІуэу дыхущІэкъунущ зэман гъынэгъу дыдэм республикэм лэжьапщІэр Урысейм ику иту щызекІуэм хуэдизым зэрынэдгъэсыным. Ди дежкІэ мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ кьалэну кьонэж Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир егъэжьакІуэхэр, гъэсакІуэхэр, медицинэ, социальнэ лэжьакІуэхэр, апхуэдэу щэнхабзэм и Іэнатіэм пэрытхэр дэІыгъыным теухуауэ кьыдигъэкІа накьыгъэ указхэр гъэзэщІэныр.

Псэуныгъэкіэ нэхъ хуэмыщІа унагъуэхэм ядэІэпыкъуным, хэхъуэ нэхъ мащІэ фІэкІа зыІэрымыхьэ щыкъуэм защІэтъэкъуэным нэхъри зиужьынущ. Дауи, гулытэ щхьэхуэ яхуэтщІынущ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм.

Мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэ а кьалэнхэр зэрытхын папщІэ, щІыхубз жьлагъуэм и Іэнатіэхэм, псом япэу проф-союзхэм, дадэлэжьыну ди мурадщ. ЛэжьакІуэбзэм я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хьумэн и лъэныкъуэкІэ профсоюзхэм дадэлэжьэфу десащ, идкыри а зэпыщІэныгъэм зедгъэфІыну ди мурадщ. Иджырей зэманым властыр щылагъэмрэ зэпымыуэ зэрыЬыгъыным и мыхьэнэм хуабжьу хохьуэ. Властым езым кьыщІэ унафэхэмкІи абыхэм кьарикІуэхэмкІи жьуап ихын хуейщ, езы цІыхухэр хуитщ властым ищІэм ипэжьпІэкІэ кІэлъыплъыну. Ар властымрэ жьлагъэмрэ псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ яку дэлъ зэдэлэжьныгъэр кьызэзыгъэпэщ зы Іэмалу эувын хуейщ.

Си фІэщ мэхъу щыІэ гугъуехьхэр кьызэдмэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыужьынигъэ жьджэрым и гъэгум тедгъэувэну зэрыт-хуэхуэфІэкІынур. Абы папщІэ дэтхэнэми езым республикэм и къэкІуэнур зэрельытар зыхищІэн, абы фІыгъуэ иІэным хьэлэлу хуэлэжьэн хуейщ. Дэ ди лъэныкъуэкІэ зыхуеину псори зэфІэдгъэкІынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхуэхэр властым илэжь псори я сэбэп зыхэлъхэр икІи я псэукІэр хуабжьу егъэфІэкІуэным зэрыхуэгъэзар хьэжь ящытщІын папщІэ.

Псалъэмакъым кьышпщащ КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Амщокъуэ ФатІимэт**:

- Профсоюзхэм я дежкІэ май махуэшхуэр - ар гуащІэрыпсэухэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ. Нобэ мы утым дыщызэхуэсащ «Хуэфащэ лэжьыгъэ - хуэфащэ лэжьапщІэ!» кьыхуеджэныгъэм щІэту. Профсоюзхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, гулытэ хэха зыхуащІщ цІыхум и экономикэ хуитныныгъэр, и зыгъэпсэхугъуэр, и унагъуэр зыхуэгъэзэныр. ИпэжьпІэкІэ, зыхуей хуэза лэжьыгъэ нэсыр иджырей социально-экономикэ зыужьынигъэм и лъабжьэщ. Улахуэр цІыхухэм я хэхъуэ нэхъыщхьэу щытыпхъэщ.

Сыт щыгъуэ профсоюзхэр гуащІэрыпсэухэм, лэжьакІуэбэм и кьыщхьэщІажькІуэщ. Дэ дыхущІэкъунущ фи хуитныныгъэхэр хьумэным, цІыхум хуэфащэ лэжьыгъэрэ улахуэрэ иІэным, пенсэ зэхъуэкІынныгъэхэм тещІыхьа, нэгъуэщІ унэгъэныгъэхэр кьыщыгъэлъэгъуа резолюцэм. Ар дАІыгъащ махуэшхуэ зэхуэсым кьрихьэлІаэхэм.

Утыкур хуит хуащІри, Гъатхэмрэ Лъэкъитъэмрэ я махуэшхуэм зэхуищэсахэм я гукъыдэжкІ кьаІэтащ, я нэгу зезыгъэужьа Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист цІэрыІуэхэм. Концертыр кьызэІуахащ КъБР-м, ди къуэш, гъунэгъу республикэхэм я щІыхь зиІэ артист Нэхущ Чэримрэ «Тэрч къэзакъэр» уэрэдымрэ къафэмкІэ ансамблымрэ. Іэгуаэ ху

Си еджапІэ - си къежьапІэ

● Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлІэу

Ди лъэпкъым и тхыдэр ядж

Токъу Сарэ

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум теухауэ, ди редакцэм мы махуэхэм тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыІэрохьэ. Ахэр къатх балигъхэми ныбжьыщІэхэми, лэжьакІуэ къызэрыгуэкІхэми, тхыдэмкІэ ІэщІагъэлІхэми. «Си еджапІэ - си къежьапІэ» напэкІуэцІым и нобэрей къыдэкІыгъуэм тыдодзэ еджакІуэхэм къабгъэдэкІ апхуэдэ тхыгъитІ. Ахэр я къалэмыпэм къыпыкІащ Тэрч щІыналъэм хыхьэ Дей къуажэм Къанчъуэщ Ахъмэдхъан и цІэр зэрихьэу дэт курыт школым щылажьэ литературэ гупжьейм и гъэсэнхэм. Ар къызэзыгъэпэщари гупым и унафэщІри адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ, «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивалым жыджэру хэт, мызэмытІэу абы щытекІуа Токъу Сарэщ.

Токъу Ланэ

ХъуэпсапІэмрэ нахуапІэмрэ

Сыту пІэрэт адыгэ лъэпкъым
Мурад Іей дыдэр къыщІытхуащІар?
Жэнат унапІэу ди щІыпІэ дахэм
ДыпагъэкІыну мурад щІащІар?

Мы упщІэ хьэлъэхэм я жэуап пэжыр
Нобэр къыздэсым къыдамытыф.
Дэ щыщІэдджыкІкІэ лъэпкъым
и тхыдэр
Захуагъэ Іуэхум хэдмыгъуэтэф.

Дяпэ итахэм яуса гъыбзэхэм
Дэ дыщедаІуэкІэ ди фэр ныпокІ.
Зы зытщІыжыну мурадыфІ щыІэхэу
Хъыбар къыщыІукІэ псэр погуфыкІ.
Къэхъунщ зэмани - фІыкІэ
дыуІыагъуи -
Зы дыхъужауэ дыиэдэпсэунщ.
ХъуэпсапІэу диІэхэр нахуапІэ хъуауэ
Адыгэ псори Хэкум дисынщ.

ТОКЪУ Ланэ,
7-нэ классым и еджакІуэ.

Эссе
Гъуэныбэ Іэсият

Гъуэгуанэ угъурсызым текІуэдахэр куэд мэхъу

Илъэси 150-рэ мэхъу Урыс-Кавказ зауэжьыр зэриухрэ. А зэманым щыгъуэ накъыгъэм и къалэн дахэр игъэзащІэрт. Адыгэ лъэпкъыр апхуэдизу щІыпэтраукІа ди жэнэт щІыналъэм и хъурейагьи щхьэантІагъэм зэпІищтат. ДэнэкІэ укІуэми, мэ гуакІуэ зиІэ акъужьымрэ бгыщхьэм къыпихуэ салъыкъи щІэІэтыІэмрэ зыхэбгъэпскІыхьу къыпщыхъурт.

Гъуэныбэ Іэсият

ДЭНЭ щицІэнт а щІыуэпс дахэм апхуэдизу фІыгъуэ зыбгъэдэлъ ди адыгэ лъэпкъ хейм и зэран екІыну, а дахагъэм къиша зауэ гуащІэ лъапсэрыхым и зы щхьэусыгъуэ ар хъуну? А псори къежьапІэ хуэхъуат ди лъэпкъым а лъэхъэнэм кьыгехьа леишхуэм. Илъэсипщэм щІигъукІэ адыгэхэр зыхэта гуІэгъуэр мыгъущыж уІэгъэу лъэпкъым и псэм къытенащ.

Гум имыхуж а зауэм и Іэужь дыджщ истамбылакІуэр. Тенджыз ФІыщІэмкІэ кІуэцІрыкІа а гъуэгуанэ угъурсызым щІыху куэдым я псэр текІуэдащ. Зэман кІыхь дэкІащ абы лъандэрэ, ауэ, итІани, зещыщІэу тенджызым кІэуцІрыпща а кхъухьыжьхэм я лъэужь гуІэгъуэр, хьэлъэр адыгэ лъэпкъым итьащІэкІи щымыгъупщэну и гущІэм кьинащ. Ар тІэунейрэ нэхъ хьэлъэжщ тенджыз ФІыцІэм и адрыщІ лъэныкъуэр псэупІэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъуэхэм я дежкІэ.

Кавказ щІыналъэм ис лъэпкъхэм щыпэрыту мелуаным щІигъу хъууэ къекІуэкІа адыгэ лъэпкъым щыщу и Іыхьэ щІаніэращ я Хэкужь кьэнэжауэ щытар. ЩхьэІ лъэпсэрыхьр къыхуагъэкІуат лъэпкъ хейм? СытхкІэ къуаншэт, сытри я лажьэт? Я къуаншагъэр: жэнэт щІыналъэм зэрисыр, я щхьэхуитыныгъэмрэ я Хэку дахащэмрэ я псэм пащІу, фІыщэу зэраІагъур аркъудейт.

Сыт хуэдэ лъэпкъ щалъхуа Хэкужьыр и фІэфІныгъэкІэ зыбгынэнур? Зэи къэхъуауэ икІи къэхъуну къыщыхъуркъым апхуэдэ. Гуэвэгъуэшхуэ я къащылъысам, леишхуэ я къащытехьам, нэгъуэцІ хэкІыпІэ щамыІэм дежщ апхуэдэ къыщыдахъур. Кавказ щІыналъэу дуней жэнэтым хуагъадэр адыгэхэм Тыркум и къыр мывалъэхэмкІэ сыткІэ яхъуэжьмкІ, Іэмалынщагъэр мыхъуатэмэ? Адыгэ хабзэмрэ бзэмрэ я Іэдэжу псэуныр, къащІэхъуэ я щІэблэр абыхэм щІапІыкІыныр - арат абыхэм я хъуэпсапІэу щытар.

Адыгэ лъэпкъым ди блэкІар тщымыгъупщэу, ди къэкІуэнур зэрефІэкІуэным дыщІэбэну дыпсэуныр ди къалэнщ нобэрей щІэблэм. АбыкІэ щапхъэфІ къытхуохъу тхыдэм зи цІэр къыхэна лъэпкъ лІыхъужьхэр, гъащІэм кьыддыхэт, абы дыхуэзиущий ди нэхъыжьыфІхэр.

ГЪУЭНЫБЭ Іэсият,
11-нэ классым и еджакІуэ.

Къэхъугъэм я нэхъ хьэлэмэту, я нэхъыфІу дунейм щыІэр сыт? Ар бзэрщ - дэтхэнэ лъэпкъми и нэщэнэ нэхъыщхьэрщ, и хъугъуэфІыгъуэ иныр. Абы къыхэкІкІэ дэтхэнэри хущІэкъун хуейщ и бзэр ихъумэжыну.

ДИ анэдэлъхубзэр хъумэным, абы зегъэужьным теухауэ щытащ ди школым и еджакІуэ гуп иджыблагъэ дызыхэта республикэпсо зэпеуэр. «ДжэгурэшкІэ» зэдже а зэхьыхьэ гъэщІэгъуэныр хуэбжьу гукъынэж тщыхъущ абы хэтахэм. Ар къызэрагъэпэщащ ХьэтІохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ Табыщ Муратрэ адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ Багъ Марьямрэ. Бзэр щІэблэм ябгъэдэлъхьэн, щІэлъагъуалэр утыкум кьихьэфу, псалъэм и къарур къагъэлъагъуэфу егъэсэн мурадхэр иІащ зэхьыхьэм икІи, ар зи нэгу щІэкІахэм кьызэрытщыхъуамкІэ, ахэр кьаІуэлІащ къызэгъэпэщакІуэхэм.

«Фи гушыІэ гуэныр къэвунэщІи, и лъащІэр зыхуэдизыр дыигъэлъагъу, фи псалъэр хуиту кьызэІуфхи, ар зэрызэкІэлъыбгъэкІуэфыр зыхуэдизым дыщыгъэгъуазэ» - апхуэдэ псалъэхэмкІэ яублащ зэпеуэр. АдэкІэ утыкум кьрагъэблэгъащ абы хэт гуп псори. Абыхэм я цІэхэмрэ зыщыщ куейхэмрэ кьыжаІащ. Дэлыкъуэ щІыпІэм и лІыкІуэу зэпеуэм хэтащ Къамылыкъуэ къуажэм дэт курыт школым кьикІа «Нартыху пІэнкІ» гупыр.

Зыкъэгъэльэгъуэн щІэдза нэужь, къэпщытакІуэ гупым хэтхэм зэрыжаІащи, ди гупыр кьызэрылъэлъащ и цІэм ещхьу: пІэнкІыу, лъалъэу, адыгэбзэр игъэшэрыуэу, игъэбзэрабзэу. Ди хъуэхъу псалъэр адрейхэм нэхърэ нэхъыфІу къалъытащ, ди гушыІэкІэри куэдым ягу ирихьат. «ГушыІэныр кьызэбзэкІ Къамылыкъуэ «Нартыху пІэнкІ» - арат зэпеуэм дызэрыхэта къыхуеджэныгъэр.

Хуабжьу хьэлэмэт хъуат джэгуакІуэхэм я зэхьэзэхуэри. Ди гупым я утыку кьихьэкІэри хуабжьу хьэлэмэт ящыхъуат зэпеуэм кьрихьэлІахэхэм. ДжэгуакІуэхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и хьэл-щэн нэхъыщхьэр хуэсхэм я утыку куэдрэ щыпльагъурт пщащэ, и зэфІэкІ, щІэныгъэ, Іэкіуэлъакіуагъэ игъэльагъуэу. Апхуэдэурэ студент ильэсхэр кІуаш купщІафІэу, гъэщІэгъуэну.

ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэ, зыщІэкъуэпса Іэщ щагъэр зэзыгъэгъуэта пщащэм я къуажэ кьигъэззэжащ икІи лэжьэн щыщІидзащ жьлэм дэт курыт школ №4-м. Егъэджакіуэ ныбжьыщІэр щІэхьу хуэІэижь хъуащ зыпэрыува Іэнатім. АбыкІэ сэбэпшхуэ кьыхуэхъуащ зыхьыхьа гуп узынщэр, школым и унафэщІ Іэкіуэльакіуэкэр. Абыхэм я фІыгъэкІэ Залинэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм гушхуауэ хьихьащ икІи зэман кІэщІым кьриубыдэу хъуащ и методикэрэ и Іуэху епльыкІэщІэрэ зиІэ лэжьакІуэ. А Іэмальщ Іэхэр и лъабжьэу абы сабийхэм щІэныгъэ ярегъэгъуэт.

- ЦІыкІуэхэр ебгъэджэну тынщкъым. Дэтхэнэ сабийми адэ-анэ ятІуанэ хахуэхъэн, школыр унэ ятІуанэ яхуэпщыбгъэн хуейщ. Абы щхьэкІэ егъэджакІуэм шыІэныгъэ хэлъу, дэтхэнэ сабийми зэрыгурыІуэн бзэ кьыхуигъэщтэфу щытын хуейщ, - и гупсысэхэмкІэ кьыддогуашэ ар. - Апхуэдэуи егъэджакІуэхэм я къалэнщ сабийхэр гъащІэм и дерсхэм щІагъэдэлъну, зэрыпсэун хуей щІыкІэр кьыгурагъэІуэну, абыхэм хуагъэхьэзыныну.

Залинэ хуабжьу гъэщІэгъуэну зэхэгъэувэ и дерсхэр. Тхыльхэмрэ иджырей техникэхэмрэ зэгъусэу кьигъэсэбэпуэр зэхеукуэнэ абы и дерсхэр. ЕгъэджакІуэ Іэкіуэлъакіуэм Интернетым кьрех бзэм, литературэм егъэщІылІа презентацэхэр, аудио, видеодерсхэр. Сабийхэм заригъэгъэпсэхун щхьэкІэ, дерсхэр зэпигъэуурэ, апхуэдэуи урок зэхуакуэм и деж адыгэ макъамэ щабэ ирегъэдаІуэ. ИригъэдаІуэ къудей мыхъуу, а макъамэр, уэрэдыр кьыззэрихьуа, кьыззэрежьа щІыкІэм, ар зытхахэм, лъэпкъ щэнхабзэмрэ литературэмрэ абыхэм щабыд увыпІэхэми и гъэсэнхэм яхутопсэльыхь. Абы зэрыжиІэмкІэ, ари зы хэкІыпІэщ, зы Іэмалщ щІэблэр хэкупсэу, щалъхуа щІыналъэр фІыуэ ялъагъуу, я анэдэлъхубзэр я гум хуабэу илъу кьэгъэтэджьмыкІэ.

Техникэ пэрытыр егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм щэщІауэ кьыщигъэсэбэпми, егъэджакІуэм къелъытэ тхыльхьэр Іузыгъэкіуэтыфын техникэ щымыІэу. Арщхьэкіэ а Іуэхур балигъхэм я нэІэм щІэтын хуейщ дапщэщи.

- Иджырей техника кьудейхэмкІэ сабийхэр егъэджа хъунукъым, - жеІэ Залинэ. - Ахэр ныбжьэгъу хуэщІыпхъэщ тхыльхьэм. Тхыльымрэ техникэмрэ зэгъусэу къэбгъэсэбэпмэ, уи лэжьыгъэр нэхъ псынщІэ, гъэщІэгъуэн, кьулей ищІынущ. Ар губзыгъагъэ хэлъу кьэдгъэсэбэпмэщ ехьулІэныгъэхэр дыщІэнур.

Залинэ щІэх-щІэхыпэр къызэрегъэпэщ классщІыб лэжьыгъэхэр, зэпеуэ гъэщІэгъуэнхэр. АбыкІэ хуабжьу сэбэп мэхъу мы зэманым кьурыт еджапІэм и унафэщІ Нэхущ Залинэ.

- ИкъучІэ дэІэпыкъуэгъу хъэлэмэтщ ди Іуэхущ Іапі эм и унафэщІыр. Ар Іуэху куэдым я жэрдэмщІакІуэщ, егъэджакІуэхэм кьрахьэжьэ дэтхэнэ лэжьыгъэщІэри деІыгъ, - жеІэ Емкъужьым. - Нэхущ Залинэ езыр адыгэбзэмрэ литературэмкІэ гупжьей зыбжанэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ яужь дитщ курыт школым щеджэхэр, щІэныгъэм кьыдэкІуэу, адыгагъэм, лъэпкъ хабзэм щІэтпІыкІыным.

Зыпэрыт Іэнатім кІэ жуаупыныгъэ куу зыхиущІэу езыхькІ Залинэ и пащэрылъщ нэгъуэщІ кьалэнышхуи: ар курыт еджапІэм и унафэщІым и кьуэдзэу мэлажьэ, и Іуэху зехьэкІэкІи гупсысэкІи куэдым щапхъэ яхуэхъуу. Школым щекІуэкІ лэжьыгъэ псори адэкІи ефІэкІуэным хущІэкъу Емкъужьм и зэфІэкІхэм хэхъуэну, и мурадхэм лъэІэсыну ди гуапэщ.

ПЩЫХЬЭЩІЭ Хьэмзэт.
Къулькъужьм Ищхьэрэ къуажэ.

● Джэрпэджэж

Къамылыкъуэм и щІэблэр

«Джэгурэшым» и программэр гъэщІэгъуэну зэхэлъхьат: «ФІэхъус», «Макъамэу зэхэт унэ дежьыгъэ», «Школ хъыбархэр», гъэльэгъуэныгъэ, кІэльыплъакІуэ гупым кьабгъэдэкІ ущІэхэм жэуап щэрыуэ етын, нэгъуэщІхэри. А лэжьыгъэхэм пэльащІ хуэзыгъэ фІыуэ загъэхьэзырат зэхьэзэхуэм хэт гуп псоми. Абыхэм зыкъыщагъэльэгъуэкІэ нэрылъагъу хъурт кьуажэ къэс езым и гушыІэкІэ, и псэльэкІэ, и зыІыгыкІэ зэрАІэжьыр. А псом укІэльыплъыну, уэхэтыну хуабжьу хьэлэмэтт.

Ди гуапэ зэрыхъущи, зэпеуэм бжьыпэр щыдыбдащ дэ, Къамылыкъуэ щыщ «Нартыху пІэнкІхэм», балл нэхъыщхьэр - 140-р къэтхьри. ТекІуэныгъэм и закъуэкъым абы кьыгхуихьар, щІаэзгъуаэр дыззэхигъэплъащ, дызэригъэцІыхуащ, ди хьэрхуэрэгъуэхэр ныбжьэгъу кьытхуищІащ. А Іуэхугъуэ щхьэпэм псоми дэрэжэгъуэ кьыдитащ, икІи нобэр кьызэдэсым тфІэгъэщІэгъуэну дытопсэльыхьыж.

Апхуэдэ ехъулІэныгъэ гупым зыІэрыдгъэхьэныкІэ фІыщІэшхуэ ябгъэдэлъщ ди школ егъэджакІуэхэм. ФІыщІэ ин яхуэфащэщ дызыгъэхьэзырахэм. Абыхэм ящыщщ ди школым и унафэщІхэр, адыгэбзэмрэлитературэмрэ езыгъэджэжэу Къанкъуэ ФатІимэ, МахуэлІ Жаннэ, КІэмпІу Іэсият сымэ. Урок купщІафІэхэмрэ классщІыб лэжьыгъэ хьэлэмэтхэмрэ нэмыщІ, дэ абыхэм дыхуагъэхьэзыр бзэм, хабзэм теухауэ екІуэкІ зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Абыхэм ящыщт дызыхэта икІи текІуэныгъэ кьыщытхьа «Джэгурэш» республикэпсо зэпеуэри.

Ди анэдэлъхубзэр нэхъыфІыжу тлъагъуным, абыкІэ щэрыуэу дыпсэльэфыным, ди бзэм нэхъри зедгъэужьным хуэгъэпсауэ екІуэкІа «Джэгурэш» зэпеуэр кьызэзыгъэпещэщэм, абы хэта «Нартыху пэнкІэ щІы-кІухэм кьабгъэдэкІыу фІыщІэ яхудощІ. Ирахьэжьа Іуэхугъуэщ Іэми лъапэ махуэ ичуэ Тхьэм жиІэ.

КІЭМПІУ Зурианэ,
Къамылыкъуэ курыт школым и 9-нэ классым и еджакІуэ.

Зи мурадхэр дахэ

● Дэ къытхуатх

И ныбжькІэ щІалэми, щІэблэр егъэджакІэ ди гуащІэр хилъхьэну хунэсахэм ящыщщ Къулькъужьи Ищхьэрэ къуажэм дэт курыт школ №24-м щылажьэ Емкъуж Залинэ. Хабзэрэ нэмысрэ зэрылъ адыгэ унагъуэфІ къыщыхъуа хьыджэбзыр къуажэм дэт курыт школ №92-м хъарзынэу щеджащ. Абы зэрыжиІэжымкІэ, ядж предметхэм ящыщу нэхъыфІ дыдэу иІагъуэхэм ящыщт анэдэлъхубзэм, лъэпкъ литературэмрэ тхыдэмрэ ехьэлІахэр.

- ШКОЛЫМ иджыри сыщеджэу, мурад сщІат си гъащІэр, си къэкІуэнур адыгэбзэм, литературэм тезухуэну, - жеІэ Залинэ. - ГъащІэм, псэуныгъэм уэщыщихьэлІэ лъэпощхьэпохэм щыхуэзрыпэлъэщыкфынуэхэм, хабзэм, нэмысым теухуа упщІэхэм я жэуап хъарзынэхэр щыбогъуэт адыгэ художественнэ литературэм. Мис а жэуапхэр къызэрыплъыхьэну, къызэрыбгъуэтыну Іэмалхэм дыхуигъэІущащ адыгэбзэмрэ литературэмкІэ школым дыщеджагъэджа Нанэ Любэ. А си егъэджакІуэ икІи унэтІакІуэ Іэкіуэльакіуэм и дежщ къыщежьар адыгэбзэмрэ литературэмрэ хузиІэ лъагъуныгъэр. Апхуэдэуи чэнджэщагъуфІ тхуэхъухэрт математикэмкІэ дезыгъэджа, апхуэдэуи къиса унафэщІу диІа Хъуэт ФатІимэ, тхыдэм и напэкІуэцІ гъэщІэгъуэнхэр кьытхуэзІуэзыха Дудар Дуся сымэ. Нобэ зыгуэр сщІэмэ, зи фІыгъэр сезыгъэджа си егъэджакІуэфІхэр аращ. Абыхэм драгъэджам и закъуэкъым, атІэ гъэсэныгъэ кьыззэрытхьэныным хущІэкъуэну, гъащІэм дыхуауцышиящ. Хуабжьу Іэфіу си гум ильщ сезыгъэджауэ щыта егъэджакІуэхэр.

Курыт школыр ехьулІэныгъэфІхэр иІэу къуиха нэужь, Залинэ мурад ищІащ и хъуэпсапІэм льэІэсыну. Ар щІэтІысхьащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и хуэдамэм икІи щІэныгъэ куу зригъэгъуэтыным яужь ихьащ. Еджэныгъэм кьыдэкІуэу, университетым щекІуэкІ жылагъуэ гъащІэми жьыджэру хэтащ Залинэ. Адыгагъэм, лъэпкъ хабзэм, адыгэ махуэшхуэхэм, адыгэ шІынгъуэхэм теухуауэ еджапІэ нэхъыщхьэм зэхуэсхэм я утыку куэдрэ щыпльагъурт пщащэ, и зэфІэкІ, щІэныгъэ, Іэкіуэлъакіуагъэ игъэльагъуэу. Апхуэдэурэ студент ильэсхэр кІуаш купщІафІэу, гъэщІэгъуэну.

ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэ, зыщІэкъуэпса Іэщ щагъэр зэзыгъэгъуэта пщащэм я къуажэ кьигъэззэжащ икІи лэжьэн щыщІидзащ жьлэм дэт курыт школ №4-м. ЕгъэджакІуэ ныбжьыщІэр щІэхьу хуэІэижь хъуащ зыпэрыува Іэнатім. АбыкІэ сэбэпшхуэ кьыхуэхъуащ зыхьыхьа гуп узынщэр, школым и унафэщІ Іэкіуэльакіуэкэр. Абыхэм я фІыгъэкІэ Залинэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм гушхуауэ хьихьащ икІи зэман кІэщІым кьриубыдэу хъуащ и методикэрэ и Іуэху епльыкІэщІэрэ зиІэ лэжьакІуэ. А Іэмальщ Іэхэр и лъабжьэу абы сабийхэм щІэныгъэ ярегъэгъуэт.

- ЦІыкІуэхэр ебгъэджэну тынщкъым. Дэтхэнэ сабийми адэ-анэ ятІуанэ хахуэхъэн, школыр унэ ятІуанэ яхуэпщыбгъэн хуейщ. Абы щхьэкІэ егъэджакІуэм шыІэныгъэ хэлъу, дэтхэнэ сабийми зэрыгурыІуэн бзэ кьыхуигъэщтэфу щытын хуейщ, - и гупсысэхэмкІэ кьыддогуашэ ар. - Апхуэдэуи егъэджакІуэхэм я къалэнщ сабийхэр гъащІэм и дерсхэм щІагъэдэлъну, зэрыпсэун хуей щІыкІэр кьыгурагъэІуэну, абыхэм хуагъэхьэзыныну.

Залинэ хуабжьу гъэщІэгъуэну зэхэгъэувэ и дерсхэр. Тхыльхэмрэ иджырей техникэхэмрэ зэгъусэу кьигъэсэбэпуэр зэхеукуэнэ абы и дерсхэр. ЕгъэджакІуэ Іэкіуэлъакіуэм Интернетым кьрех бзэм, литературэм егъэщІылІа презентацэхэр, аудио, видеодерсхэр. Сабийхэм заригъэгъэпсэхун щхьэкІэ, дерсхэр зэпигъэуурэ, апхуэдэуи урок зэхуакуэм и деж адыгэ макъамэ щабэ ирегъэдаІуэ. ИригъэдаІуэ къудей мыхъуу, а макъамэр, уэрэдыр кьыззэрихьуа, кьыззэрежьа щІыкІэм, ар зытхахэм, лъэпкъ щэнхабзэмрэ литературэмрэ абыхэм щабыд увыпІэхэми и гъэсэнхэм яхутопсэльыхь. Абы зэрыжиІэмкІэ, ари зы хэкІыпІэщ, зы Іэмалщ щІэблэр хэкупсэу, щалъхуа щІыналъэр фІыуэ ялъагъуу, я анэдэлъхубзэр я гум хуабэу ильу кьэгъэтэджьмыкІэ.

Техникэ пэрытыр егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм щэщІауэ кьыщигъэсэбэпми, егъэджакІуэм къелъытэ тхыльхьэр Іузыгъэкіуэтыфын техникэ щымыІэу. Арщхьэкіэ а Іуэхур балигъхэм я нэІэм щІэтын хуейщ дапщэщи.

- Иджырей техника кьудейхэмкІэ сабийхэр егъэджа хъунукъым, - жеІэ Залинэ. - Ахэр ныбжьэгъу хуэщІыпхъэщ тхыльхьэм. Тхыльымрэ техникэмрэ зэгъусэу къэбгъэсэбэпмэ, уи лэжьыгъэр нэхъ псынщІэ, гъэщІэгъуэн, кьулей ищІынущ. Ар губзыгъагъэ хэлъу кьэдгъэсэбэпмэщ ехьулІэныгъэхэр дыщІэнур.

Залинэ щІэх-щІэхыпэр къызэрегъэпэщ классщІыб лэжьыгъэхэр, зэпеуэ гъэщІэгъуэнхэр. АбыкІэ хуабжьу сэбэп мэхъу мы зэманым кьурыт еджапІэм и унафэщІ Нэхущ Залинэ.

- ИкъучІэ дэІэпыкъуэгъу хъэлэмэтщ ди Іуэхущ Іапі эм и унафэщІыр. Ар Іуэху куэдым я жэрдэмщІакІуэщ, егъэджакІуэхэм кьрахьэжьэ дэтхэнэ лэжьыгъэщІэри деІыгъ, - жеІэ Емкъужьм. - Нэхущ Залинэ езыр адыгэбзэмрэ литературэмкІэ гупжьей зыбжанэ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ яужь дитщ курыт школым щеджэхэр, щІэныгъэм кьыдэкІуэу, адыгагъэм, лъэпкъ хабзэм щІэтпІыкІыным.

Зыпэрыт Іэнатім кІэ жуаупыныгъэ куу зыхиущІэу езыхькІ Залинэ и пащэрылъщ нэгъуэщІ кьалэнышхуи: ар курыт еджапІэм и унафэщІым и кьуэдзэу мэлажьэ, и Іуэху зехьэкІэкІи гупсысэкІи куэдым щапхъэ яхуэхъуу. Школым щекІуэкІ лэжьыгъэ псори адэкІи ефІэкІуэным хущІэкъу Емкъужьм и зэфІэкІхэм хэхъуэну, и мурадхэм лъэІэсыну ди гуапэщ.

ПЩЫХЬЭЩІЭ Хьэмзэт.
Къулькъужьм Ищхьэрэ къуажэ.

● Іуэху еплъыкІэ

Сабиипсэм и «ІункІыбзэІух»

Зи мурадхэр, зыхуигъэувыжа кьалэнхэр кьызэхъуІэ щыхум насыпым и Іыхьэ гуэр кьылъысауэ жьыІэ хъунущ. Апхуэдэу сэ мыгувэу кьызэхъуІэнущ сабингъуэ ныбжьым сызэрит лъандэрэ сиІа хъуэпсапІэр: адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ сыхъуну. А Іэщ Іагъэм сыщыхуоджэ КъБКъУ-м и Филологие институтым и адыгэбзэ кьудамэм.

КУЭД дэмыкІыу егъэджакІуэм и стІолым пэрыувэну, сабийхэм я пащхьэ ивэну сэ ззэгъэгъуэта Іэщ Іагъэм сригушхуэ кьудей мыхъуу, абы жэуапльныгъэу пылъми согупсыс, сыту жьыІэмэ анэдэлъхубзэр щІэблэм езыгъэджхэм а предметымкІэ щІыкІуэхэм щІэныгъэ зэрырагъэгъуэтым кьыдэкІуэу, лъэпкъ хабзэмрэ, нэмысмрэ, тхыдэм щыщ Іыхьэхэми ахэр щыгъуазэ щІын хуейуэ пщэрылъ яхуэхъуу кьыщцохьри. А псори зэбгъэхъулІэн инэ сабийр кьыдэпхьэхьн хуейщ. Ар зэрыпщІэфынчр анэдэлъхубзэм и Іэфіымрэ и мыхьэнэрэ абы зыхебгъащІэмэщ.

ТхакІуэпхуэ Паустовский Константин итхыгъащ: «ЦІыхур и анэдэлъхубзэм зэрыхущытынкІэ абы хэлъ хьэл-щэнэр, бгъэдэлъ гъэсэныгъэр здынэсыр кьащІэ кьудей мыхъуу, и хэкум хуиІэ щытыкІэри кьыпхуэщІэнущ. Уи хэкум лъагъуныгъэ нэс хуэпщІыфынкІэ Іэмал иІэкъым, апхуэдэ лъагъуныгъэкІэ уи анэдэлъхубзэм упымыщІамэ». ШІэч лъэпкъ кьызытедмыхьэн а псалъэхэр. Анэдэлъхубзэращ дунейм утехьащэр, лъэпкъым, щІыналъэм щыщ узыщІыр. А фІыгъуэр сабийм, псом япэу, бгъэдэзылъхьэфынур ар зрапІыкІ унагъэращ, адэ-анэрщ: унагъэм илъ хабзэр, ар сыт хуэдэ Іуэхугъуэм пыщІауи щрырет, сабийм кьищтэ хабзэщ. Анэбзэм и Іэфіагъыр сабийм зыхиущІэу ар кьыщтэныжкІи аращ ящэ щэхыпІэ хъуэхъэр. Бзэр зыжьи, нэмысжьи, ирипсэльэху, абы и зэхэлъыкІэр, и зекІуэжьэр зыхещІэ, зыщІемэ сабийм, и гупсысэкІэри абы тегъэпсыхьа мэхъу.

Сабийм унагъуэм пэщІэдзэ щІэныгъэр апхуэдэ щІыкІэкІэ щигъэуэта нэужь, адэкІэ бзэм зегъэужьныныкІэ кьалэнхэр егъэджакІуэхэм я пщэ кьыдохуэ. ЕгъэджакІуэм и Іуэху бгъэдэльхэкІэм и ныгъыщ куэд. Ар гукІи псэкІи кьабзэу бгъэдэтын хуейщ дэтхэнэ сабийми, езым бгъэдэлъ щІэныгъэр тэмэму яритыфын, щыкІуэм я псэр итхьэкъун щхьэкІэ. Шэч хэмылъу, а ІункІыбзэр анэбзэ ещалъэр, псалъэ Іэфіыгъ икІи гуапэрщ.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатім куэд дэмыкІыу пэрыувэну зи мурадхэм хьэкъыу ттхыкІауэ щытын хуейщ лъэпкъ, хэкупсэ гъэсэныгъэмкІэ жэуап зэрытхьэр. Абы хуэхьэзыр егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэрщ зи лэжьыгъэм и хьэр зыльагъунур, ехьулІэныгъэхэр зыІэрызыгъэхьэфынур.

ХУЖЬЮКЪУЭ Алёнэ,
КъБКъУ-м и студенткэ.

Акъылым уасэ иІэкъым

● Псалъэжьхэр

- ♦Акъылыр былымщ.
- ♦Акъылыр и анэр гупсысэщ.
- ♦Акъылым и лъапсэр чэнджэщщ.
- ♦Акъылыр ландыщэщ, гъэсэныгъэр дыщэ жьигщ.
- ♦Акъылым уасэ иІэкъым, гъэсэныгъэм гъунэ иІэкъым.
- ♦Еджэным кІасэ иІэкъым.
- ♦Еджауэ щІегъуэжа щыІэкъым.
- ♦Зи нэхъыжькІэ едаІуэ и Іуэху мэкІуатэ.
- ♦Нэхъыжьым жьэ ет, нэхъыщІэм гъуэгует.
- ♦Нэхъыжьыр гъэльапІи уи щхьэр лъапІэ хъунщ.
- ♦УмыщІэм ущІэупщІэныр емыкІукъым.
- ♦ЩІэныгъэ лей хъуркъым.
- ♦ЩІэныгъэпщагъэр мыгъуагъэщ.
- ♦ЩІэныгъэ зимыІэр нэфым хуэдэщ.
- ♦ЩІэныгъэ зэбгъэгъуэтыным гъунэ иІэкъым.
- ♦ЩІэныгъэ куум пэлъэщыфын кьару щыІэкъым.
- ♦Іэщ Іагъэ зиІэм Іэужь иІэщ.
- ♦Тхыльыр фІыр зи щІалэгъуэм и унэтІакІуэщ, зи жьы хъугъуэм и ныбжьэгъуфІщ.
- ♦Тхыльыр кьыбгурымыІуари укъемыджари зыщ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

● Гъуазджэ

Мэзло Руслан

Думэныщ Іэуладин (*сэмэгумкІэ щытщ*) еплъыныгъэр игу ирихьащ.

Плъыфэхэмрэ тхыпхъэхэмрэ щызэхэухуэна арджэнхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм къыщыхэІуахащ цІыху ІэпщІэлъапщІэ, ди республикэми нэгъуэщІ щІыпІэхэми къыщацІыхуа Мэзло Руслан и Іэдакъэ къыщІэкІа арджэнхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.

СЫТ щыгъуи хуэдэу, Мэзло Руслан и лэжьыгъэхэм еплъыну гупыж зыщІахэр куэд хъурт. Хуабагъэ къызыпкърыкІ, плъыфэхэри тхыпхъэхэри щызэхэухуэна арджэнхэр кьызэхуэсахэм зэпаплъыхьырт. Зэхыхьэм кьрихьэлІахэр иригушхуэрт адыгэм кьыдекІуэкІыу щыта лъэпкъ хьэпшыпыр кьызэригъэщІэрэщІэжам, блэкІамрэ иджыйрмрэ зэрызэпищІэм. Нэхъапэхэм игъэлъагъуа арджэнхэм хуэдэу, языныкъуэхэм дыгъэ тепльэ яІэт, адрейхэр зэпэплІимэт. Руслан и лэжьыгъэхэр япэу утыку кьызэрырихьэрэ куэд мыщІами, и зэфІэкІым, и ІэпэІэсагъэм зэрыхигъэхъуам гу лъыптэрт. ЖыпІэнуракъэ, дгъэзнэ зыри щІэщыгъуэт, узыІэпызышэт, гупсысэ куу зыщІэлът.

ЦІыхубэ ІэпщІэлъапщІэ, СурэтыщІ гъуазджэхэмкІэ музейм и лэжьакІуэ **Мокаев Владимир** жиІащ Руслан щІалэми, сурэт щІыным, графикэм, гобеленым, ятІэ гъэжьам, упщІэм и зэфІэкІ зэрыщигъэунэхур. Ауэ кьыхигъэщащ сурэт щІыным, гобеленым, арджэным нэхъ кууэ зэрелэжьыр, абы и Іэдакъэ къыщІэкІа хьэпшыпхэр езым псэкІэ зэрыпэгъунэгъур, лъэпкъ гъуазджэм хэлъхьаныгъэфІ зэрыхуищІар.

Сурэтыщ Іэуэ **Прым Руслан**рэ **Мэзло Эдуард**рэ жаІащ зэІусэм псэ хэзыльхьэ Руслан гъуазджэм зэуэ зэрыхэпщІар, абы щытхъурэ фІыщІэрэ зэрыхуэфащэр, и Іэдакъэ къыщІэкІа арджэнхэм пыпльхьэни пыпхьни зэрыщымыІэр. Абыхэм кьыхагъэщащ лэжьыгъэхэр кьызыгурымыІуэ закъуэтІакъуэ щыІэми, лъэпкъым и дежкІэ ЗЕХЫХЬЭМ щІэупщІэ, мыхьэнэ ин зэраІэр, гъуазджэмэ увыпІэфІ зэрыщагъуэтынум шэч кьызэрытрамыхьэр.

Зэхыхьэм кьрихьэлІахэм лэжьыгъэхэр кьаэзыщхъуамкІэ дахэуп щІыхьащ:

Лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэхэр кьэзыгъэщІэрэщІэж, щыкІэпшынауэ Іэзэ Куаз Зубер:

Мокаев Владимир

Прым Руслан

- Руслан зыми емыщхь, нэгъэуэщІхэм ефІэкІуэху бгъэдыхьэкІэ иІэщ. Мыбы сыкъэкІуэну мурад щысщІым щІэщыгъуэ гуэрхэр кьызэрыспэплъэр сщІэрт, ауэ мы арджэнхэм сызэримыгъуаэр хуабжьу сыкъагъэуІэбжьащ. Лэжьыгъэхэр гъэщІэгъуэнщ, я тепльэкІи дахэщ. СызэригугъэмкІэ, мы арджэнхэр зи унэ щІэльыну емыхъуапсэ гъуэтыгъуейщ, ауэ ахэр зэкъуэмычауэ зэгъуэсэу хъумэн, зэманзэманкІэрэ утыку ихьэн хуей хьэпшыпу кьысщохъу.

Бахъсэн къалэм ГъуаздджэхэмкІэ и школ №1-м и егъэджакІуэ **Іэпщэ Динарэ:**

- Ди школым ныщыкІуам Руслан ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІым зыхигъэгъуэзащ, чэнджэщэри кьариитащ, и гъэлъэгъуэныгъэми дригъэлэргъащ.

Живописым, хэдыкІым хуэзгъасэ цІыкІуэхэр кьызэсэщри сыкъэкІуащ. НыбжьыщІэ Іэпщ Іэлъапщ Іэхэм выставкэм щалъагъу псори яфІэхьэлэмэтщ, арджэнхэр хуабжьу ягу ирихьащ. Си гъэсэнхэм Руслан упщІэ куэд хуаІэщи, дежьэжьи и пэ кьихуэу Іэмал имыІэу Іузгъэщ Іэнущ.

Гъуаздж эм и лэжьакІуэ **Кьэнэмэт Анзор:**

- Гъэлъэгъуэныгъэр кьызэрызэІуахьи и хъыбар си ныбжьыгъум кьыщыжиІэм, зыкърезмыгъэхьэлІэн слъэкІакъым. Арджэнхэм теухуауэ сщІэр мащІэми, ди лъэпкъ Іэщ Іагъэу, хьэпшыпу кьызэрыгъуэгурыкІуэм сыкъыщащ. Руслан и лэжьыгъэхэм Іэзагъэ ин хьыбольагъуэ. Нэхъапэм а хьэпшыпыр зэрымылъ адыгэ унагъуэ щІагъуэ щыІэтэкъым. Иджы куэдым ящыгъупщэжа арджэнхэр абы зэримыгъэкІуэдыжым, кьызэригъэщІэрэщІэжым папщІэ пщІэ хуэфащэщ. Лэжьыгъэхэм куэд зыІэпашэми, арджэным хьэщІэщыр ирибгъэдэхэну уасэ зэримыІэм, абыхэм я мыхьэнэм щымыгъуазэр нэхъыбэжщ. НэгъуэщІ лъэпкъхэм а хьэпшыпыр зэрамыІэм кьыхэкІыу, кьыщІэупщІэр куэдщ. Руслан сыт хуэдэ лэжьыгъэ иужь ихьэми, фІыуэ кьохъулІэ. Езым хьэлщэн дахэ, гъэсэныгъэ екІу хэлъщ, адыгэ хабзэми фІыуэ хещІыкІ. Ныбжьэгъуэм фІыуэ долъагъу, гушыІэ зыхэлъ, ар кьызыгурыІуэ цІыху гуапэщ.

Руслан ильэсищІым щІигъуауэ йолэжь арджэнхэм. ЩІалэм щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, ар Іуэху кьызэрыгуэкІкъым. Арджэныр кьызыхищІыкІ къамылыр гуэл, псыежэх Іуфэхэм кьыщокІ. Къамылыр кьех, егъэкъабзэ, егъэгъущри, тхьэмахуитІкІэ егъэгъу. Аращи, зы арджэн игъэхьэзырыным мазэм щІигъу токІуадэ. И плъыфэр зэлъытар кьыщыкІа щІыпІэрщ. Язныкъуэхэр удзыфафэщ, адрейхэр гъуэжьыфэщ, хужьыфэ къызыщІэлъадэхэри яхэтщ. Арджэнхэм ильэс пщІы бжьыгъэкІэ зыри кьащІыщІынукъым.

Руслан жиІащ иджы утыку кьрихьахэр япэрей и лэжьыгъэхэм ебгъапщэмэ, плъыфэм гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуищІамкІэ кьазэрыщхьэщыкІыр, арджэным япэм иІа щІэупщІэр ирагъэгъуэтыжын, нобэ нэхъыбэм кьрагъэщІыхун мурадкІэ гъэльэгъуэныгъэр кьызэрыгъэрагъэпэщар.

- Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэ хьэщІэщхэм лъэпкъ Іэмэпсымэхэр, арджэнри яхэту, блыным фІадэзэрэ унэр ирагъэдахэу щытащ. Нобэ арджэныр кьагъэсэбэп алэрыбгъу папщІэу, нэмэзлыкъыу, пэш гъэдахэу. Адыгэм кьыдекІуэкІыу щыта сэр - дуней псом, фащэр - Кавказ псом кьыщагъэсэбэп хъуащ, дыдей дыдэу кьэнэжар арджэным и закъуэщи, ар дывгъэхъумэ, - жиІащ Мэзлом.

Руслан фІыщІэ яхуищІащ зэхьхьэр кьызэзыгъэпэщахэм, абы кьрихьэлІахэм, и ІэщІагъэр зигу дыхьэхэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Кьарей Элинэ** *трихащ.*

Ныбжьыщ Іэхэми арджэнхэр яфІэдахэщ.

● Теплъэгъуэхэр

Адыгэ ныпыр, адыгэлІыр, адыгэшыр. *Сурэтыр* **Кьарей Элинэ** *трихащ.*

Псори арэзы къэзыщІа бжыгъэ

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Уфа» (Уфа) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 30-м. Цыху 1400-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Москалев (Воронеж), Чельцов (Мэскву), Рунов (Санкт-Петербург).

«**Спартак-Налшык**»: Цыган, Мэкъуауэ, Костин, Абазэ, Суслов, Рябокобыленкэ, Султонов (Рухайз, 67), Киреев, Чуперкэ (Щэуей, 63), Сирадзе (Бажэ, 57), Панюков (Галин, 71).

«**Уфа**»: Юрченкэ, Вильям (Василенкэ, 74), Аликин, Степанец, Сухов, Засеев, Семакин, Гараковэ (Дмитриий, 34), Сафронидзе (Жиилаев, 59), Нагибин, Заболотный.

Дагъуэ къыхуащІащ: Диегурэ Киреевымрэ.

«Спартак-Налшыкыр» зыкъом щІауэ мы зэхьэзэхуэм зыми щыщІэбэныжыркъым. Пасэу зэхэкІащ ар ялэ дивизионым къызрыхэнар, ищхьэкІэ зэрыдэкІуеифыни щыІэкъым. Хьэлэмэтраци, апхуэдэ щытыкІэм налшыкдэсхэм къэнэжа джэгугъуэхэм хуаІэ жэуаплныгъэр нэхъ мащІэ ищІыркъым. Ахэр дэтхэнэми хьэрхуэрэгъу лъэщ хуохъу икІи къапэщІэтхэм я мурадхэр къыщыхэпаудыр нэхьыбэрэщ.

Топджэгум кІэлъплъхэм ящІэж махуэ зыбгъупщІ и пэкІэ «Спартак-Налшыкым» «Торпедо»-р зэрыхигъэщІар. Апхуэдэ щыкІэкІэ мэзкуудэсхэр заншІу премьер-лигэм хуэзышэ гъэзгур зэхуащІащ. Абы иужькІэ къыпэщІэува «Уфа»-ри гуп нэхъыщхьэм кІуэну Іэмал иІэщ. Ар яхэтщ зэпэщІэуэ зэІущІэхэм хьихьэфнухэм. А Іуэхугъэр къайхъулІэн папщІэ, Башкортастаным къикІахэм къэнэжа джэгугъуэхэм очко нэхъыбэІуэ зыІэрагъэхьэн хуейщ. АрщхьэкІэ ар Налшык щахуэзэфІэкІыну хьэщІэхэр щыгугъыщщэртэкъым. Абы и щыхьэтщ бэрэжьей кІуам зэхэта зэІущІэм «Уфа»-м зыхъумэжьныгъэм къаруушхуэ зэрыщыхуихар.

Ди щІалэхэр хущІэкъуащ я хьэрхуэрэгъуэхэм кьрагъэбыдэкІа Іуэум зэрыбгъэдыхьэн Іэмалхэр нэхъ псынщІэІуэу кьагупсысыну. Ар ящыхуэзфІэкІар япэ Іыхьэм икуэрыд - ижьырабгъумкІэ кьыщыхата топым Сирадзэ Давид щхьэкІэ лъэщу еуащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, зымащІэ дыдэкІэ гъуэм хуэзакъым.

Зыщагъэпсэхуну зэманыр нэхъ гъуэгъу хъэхъухуэ, налшыкдэсхэм я ебгъэрыкІуэныгъэхэр щІагъэхуафбжьэрт. Сыт щыгъуи жыджэр Киреев Игорь 42-нэ дакъикъм и закъуэу «Уфа»-м и гъуэм кьыбгъэдэхутащ. АрщхьэкІэ и лъакъуэр щІэщІэри, тэмэму топым еуэфакъым.

Ди щІалэхэм я ебгъэрыкІуэныгъэкІэ джэгум и етІуанэ Іыхьэми кьыщІидзащ. Ахэр апхуэдизкІэ абы дихьэхати, и эгъэн кьекІыным зы мащІэщ иІэжар: «Уфа»-м и гъуащхьэу Заболотнэр и закъуэу «Спартак-Налшыкым» и гъуэм кьыбгъэдэнащ. Хэгъэрейхэм насып яІэти, я гъащхьэтетым кьриГъэлащ.

АдэкІэ лъэныкъуитІри бэлэрыгъыжьакъым. Ахэр нэхъыбэу зыхущІэкъуар я гъуэр зэрахъумэнырщ. Абы кьрикІуэну бжыгъэм Спартак-Налшыкри» «Уфа»-ри арэзы кьишІырт. Ди щІалэхэм кьызэрыхамыгъащІэ джэгугъуэхэм кьыпащэрт. Иджы ар тхум нэсащ. ХьэщІэхэм, зыкІэ кьекІуэтэжами, зыщІэхъуэжа еппланэ увыпІэм дэкІуэтеижьну Іэмал псори яІэщ. АдэкІэ кьапэщІэтынуэр турнир таблицэм «и гупкІэм пыс» «Ангушт»-мрэ «Нефтехимик»-мрэщи, фІэщщІыгуейщ я хьэрхуэрэгъуэр япэ кьрагъэщІну. КьищынэмыщІауэ, «Алания»-м дэмыджэгухэу «Уфа»-м очкоищ хуатхынщ.

Арати, зэхуэзрэзыуэ, джэгур 0:0-у иуэхащ.

БлэкІа джэгугъуэм Тулэ кьалэм щызэпэщІэуват премьер-лигэм занщІэу хуэзышэ етІуанэ увыпІэм иризныкъуэкъу «Арсенал»-мрэ «Торпедо»-мрэ. Абы еплъыну стадионым кьекІуэлІат цІыху мин 16.500-м щІигъу! Апхуэдизэ гуп нэхъыщхьэмэ ущрихьэлІэр закъуэтІакъуэрэщ. Хэгъэрейхэм кьадэщІыжэ ягъэгуфІащ икІи 1:0-у мэзкуудэсхэр хащІэри, я хьэпсапІэм пэгъунэгъу дыдэ хъуащ. Иджы, зэхьэзэхуэр иужьым джэгугъуиц фІэкІа кьэныжжауэ, тулэдэсхэр я хьэрхуэрэгъуэм очкоитхукІэ ящхьэщыкІащ. АдэкІэ, аргуэрыжьыщи, «Спартак-Налшыкым» куэд елъытауэ щыгъунуц. КьыкІэлъыкІуэ джэгугъуэм абы «Арсенал»-ми очкоитІ-щы фІигъэкІуэдмэ, премьер-лигэм щІэныкъуэкъу командхэм я бэнэныгъэ кьызэщІэплъэжынущ.

Турнир таблицэм и пльабжьэми Іуэхугъэр щызэхэкІа хуэдэщ. Ярославль щыІэу «Шинник»-р 0:3-уэ зытезыгъэкІа «Нефтехимик»-м кьыкІэлъыкІэ зэхьэзэхуэр етІуанэ дивизионым кьыщыщІидзэну фэ тетщ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ япэ дивизионым хэт командхэр иужьу мэлыжьыхьым и 30-м зэрызэдзкъуагъэм кьарикІуа бжыгъэхэм: «**Мордовия**» (Саранск) - «**Ротор**» (Волгоград) - **2:0**, «**Динамо**» (Санкт-Петербург) - «**Салют**» (Белгород) - **3:0**, «**Сибирь**» (Новосибирск) - «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - **1:1**, «**Енисей**» (Красноярск) - «**Балтика**» (Калининград) - **0:2**, «**Газовик**» (Оренбург) - «**Алания**» (Владикавказ) - **3:0**, «**Шинник**» (Ярославль) - «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - **3:0**, «**Химик**» (Дзержинск) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **4:0**, «**Арсенал**» (Тулэ) - «**Торпедо**» (Мэзкуу) - **1:0**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» дыгъуэпщынкъ Тулэ кьалэм «Арсенал»-м щыщыгъэкІуэкІащ. Абы теухуа тхыгъэ пщэдей кьыдэкІыну ди газетым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «**Мордовия**»	33	22	7	4	57-24	73
2. «**Арсенал**»	33	19	6	8	58-36	63
3. «**Торпедо**»	33	17	7	9	38-18	58
4. «**Газовик**»	34	15	10	9	40-27	55
5. «Уфа»	33	15	9	9	41-34	54
6. «Шинник»	34	16	5	13	43-35	53
7. «СКА-Энергия»	33	14	10	9	39-30	52
8. «Луч-Энергия»	33	14	9	10	34-20	51
9. «Балтика»	33	13	11	9	34-27	50
10. «Сибирь»	34	13	10	11	36-37	49
11. «Алания»	34	14	4	16	29-49	46
12. «**Спартак-Налшык**»	**33**	**11**	**12**	**10**	**30-30**	**45**
13. «Енисей»	33	11	9	13	37-42	42
14. «Динамо»	33	11	7	15	34-40	40
15. «Химик»	33	9	7	17	25-45	34
16. «Ротор»	33	8	10	15	37-37	34
17. «**Салют**»	**34**	**6**	**9**	**19**	**23-50**	**37**
18. «**Нефтехимик**»	**33**	**5**	**11**	**17**	**30-42**	**26**
19. «**Ангушт**»	**33**	**3**	**5**	**25**	**21-69**	**14**

Зэ ІущІэ нэужьым

КОЛЫВАНОВ Игорь, *«Уфа»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Зы очкоми дыщогуфІыкІ

- «Спартак-Налшыкым» и иужьрей зэІущІэхэм деплъыжати, ар хьэрхуэрэгъу хьэлъэ зэрыхъунур быдэу тпхыкІащ. Абы елъытауэ мы джэгугъуэм ерыщу зыхуэдгъэхьэзэыращ. КьызэрысщыхъумкІэ, хэгъэрейхэм хъарзынэу дапэщІэтащ икІи ди гъуэр хагъэщІэну Іэмал еттакъым.

Ди щІалэхэм фІыщІэ яуэфащэщ, я къаурэ зэфІэкІрэ зэремыблэжам кьыхэкІыу. Налшык ущыджэгуну сыт щыгъуи тыншкъым. Аращи, нобэрей зы очкоми дыщогуфІыкІ.

БИДЖИЙ Хьэсэнбий, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Дызэрымытыншынур тщІэрт

- «Уфа»-р командэ лъэщщ икІи нобэ дызэрымытыншынур тщІэрт. ХьэщІэхэм яхуэфащэ дыдэу увыпІэ льагэ мыгъэрей зэпеуэм щаІыгъ.

Мы зэІущІэм бэнэныгъэр щыкуэдащ, арщхьэкІэ топ дэдгъэкІыну лъэныкъуитІми Іэмал щІагъуэ диІакъым. Пэжщ, гупым и пашэхэм ящыщ зыр кьыптемыкІуэфыныр екъулІэныгъэщ, ауэ дэ дызыщІэбэнар текІуэныгъэращ.

ХЬЭТАУИслъам.

● КъБР-м и прокуратурэм

Административнэ, уголовнэ Іуэхухэр къызэІуах

КъБР-м и прокурором и къуэдзэ Лаврешин Юрэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм щызэпкърахащ КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым федеральнэ законодательствэр зэрыщагъэзащІэр къызэрапщытам къырикІуахэр.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ еджаниІэ нэхъыщхьэм и ректорым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Апажэ Аслъан.

ЗэІущІэм къызэрыщыхагъэщамкІэ, бюджет, лэжьыгъэ закъоработствэр, егъэджэныгъэм, мафІэс щынагъэншагъэм, щыхуэхэм я санитар-эпидемиологие щытыкІэм, къэрал мылькым я ІуэхукІэ хабзэхэр кьызэпауду къахутащ. Абыхэм ябкъ иткІэ, щыщІэныгъэхэр ягъэзэкІуэжыну кьалэн ящызыщІ тхылъ ректорым и кьалэнхэр зыгъэзащІэм и цІэкІэ ятхащ, лэжьыгъэмкІэ, мафІэс щынагъэншагъэмкІэ законодательствэхэр кьызэпызыуда кьулыкъущІэ щхьэхуэхэм яхуэгъэзауэ административнэ Іуэхуэхэр кьызэІуахащ.

КьищынэмыщІауэ, университетым иныгъ щІым щыщ Іыхьэ хабзэм кьемызэгъыу кьызэщІапчан кьэкІыу, УФ-м и УК-м и 285-нэ статьямкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым СледствэмкІэ и управленэм Налшык къалэ окруум и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзэзащІам теухуауэ уголовнэ Іуэху кьиІэтащ. Абы пэублэу хопльэ.

Университетым и лэжьыгъэм хэлъ ныкъусаныгъэхэр Апажэ Аслъэн ирагъэлъагъуэжащ икІи кьуанщэхэр дисциплинэ жэуапым ирашэлІэну пщэрыльэ щащІащ.

Дохутырым хуэгъэзауэ

Аруан районым и прокуратурэм узынщагъэр хьумэныжьмкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэр къыпщытащ. А лэжьыгъэр щрагъэкІуэкІым хущхъуэхэкІ гуащІэкэр къащэхуну хуит зыщІ рецепт ІэпщІэкэр хабзэм къемызэгъыу хуатхыу къахутащ.

КъАПЩТЭМЭ, районым и сымаджэщ нэхъыщхьэм и поликлиникэ къудамэм наркологиемкІэ и пэшым и дохутырым наркотикэмрэ абы хуагъазэ вещественнэ къагъэсэбэныну хуит зыщІ рецептхэр медицинэ тхылъкІэ учетым щымыт цІыхухэм яхуитхырт.

СледствэмкІэ ІэнатІэхэм хуагъэхьа тхылъхэм хэпльэри, УФ-м и УК-м и 233-нэ статьямкІэ дохутырым хуэгъэзауэ уголовнэ Іуэху кьиІэтахащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр
Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Шырдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыкъ Мадинэ (жэуап зыхъ секретарь), Истэмэн Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщ Іэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ І Иэз.

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядолжэныжьмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзыкІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм ящІэ, авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ельытыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хутныигъэр хьумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм № Н-0065-м щІэту я ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ Дышэкъ Соня, редактору Щхьэщэмыщ Иэз, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 2-нэ),* **корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Кьарей Элинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.687 ● Заказ №866